

KONSÈY POU PARAN, TIMOUN SOU DIVÒS

Separasyon paran yo oswa divòs nan yon fanmi kapab lakòz detrès nan tout manm fanmi yo. Divòs kapab yon eksperyans twomatizan pou timoun yo, men pi fò timoun rive adapte yo byen nan de zan konsa. Souvan timoun gen plis pwoblèm lè paran yo rete nan yon maryaj ki genyen anpil konfli olye ke yo viv separe yon ak lòt. Ou ka ede pitit ou oswa ou menm le ou swiv konsèy sa yo:

- Toujou kenbe yon kominikasyon ouvè ak timoun yo sou chanjman kap fèt nan fanmi an.
- Pran pasyans – timoun yo ka poze anpil kesyon.
- Pa mele timoun yo nan diskisyon yo.
- Li enpòtan pou nou planifye ansanm epi ansanm nou prezante plan yo bay timoun yo.
- Timoun yo fè pi byen lè yo kenbe kontak sere ak tou de paran yo.
- Di timoun yo, yo pa responsab.
- Timoun yo pa bezwen pran bò.
- Respekte relasyon ak lòt paran an.
- Kenbe woutin pitit ou a chak jou menm jan san twòp chanjman ke posib.
- Imajine pou paran yo rekonsilye se yon bagay nòmal.
- Kenbe lespri w ak kò w an sante- manje, fè egzèsis, dòmi.
- Pa ezite chèche sipò pou timoun yo ak tèt pou tèt pa w.

Diskite sa avèk doktè w


Rele Sant

Call Center (239) 658-3123




www.FSUSTRESS.org


RESOUS ITIL POU PATAJE AK PITIT OU YO:




DINOSAURS DIVORCE
Aj 3-6 an




MY LIFE TURNED UPSIDE DOWN, BUT I TURNED IT RIGHTSIDE UP
Aj 4-10 an



WHAT CAN I DO?
Aj 9 an e plis



WHEN MOM AND DAD SEPARATE
Manyèl pou laj 9 an e plis



PARENTING THAT WORKS
Pou Paran yo